

Kòmanse Eksplòre Opsyon Pre-K yo!

Chè fanmi,

Aplikasyon pre-K pou ane lekòl 2022-2023 a pral kòmanse pi ta ivè sa a. Tout fanmi NYC ki gen timoun ki fèt an 2018 elijib pou aplike. Kounye a se yon bon moman pou enfòmasyon sou opsyon pre-K pitit ou a ak kòmanse eksplòre yo.

Yo fè pwogram Pre-K for All yo nan **trwa anviwònman pwogram diferan**: Tout anviwònman yo ofri bon kalite edikasyon tout jounen pou timoun Vil Nouyòk ki gen katran:

- **Sant Edikasyon pou Debitan NYC (New York City Early Education Centers, NYCEEC)**. Òganizasyon debaz sa yo ki gen ekspè nan edikasyon debitan asosye avèk Depatman edikasyon (DOE) pou ofri pre-K.
- **Lekòl Distri**. Kèk lekòl primè leta DOE ofri pre-K.
- **Sant Pre-K** Sa yo se sant debitan DOE ki ofri sèlman klas ki anba kindergarten

Gen trwa tip plas pre-K:

- **Plas tout jounen** gratis epi yo ofri swen ak edikasyon pou debitan pou 6èdtan ak 20 minit pa jou pandan ane lekòl la, jeneralman septanm rive jen. Tout timoun Vil Nouyòk ki fèt an 2018 elijib pou plas sa yo.
- **Pwogram jounen ak ane pwolonje** se pwogram gratis oswa bon mache epi yo ofri swen ak edikasyon pou debitan pou jiska 10 èdtan pa jou, tout ane a. Elijiblite pou plas sa yo baze sou revni ak bezwen fanmi w. Si w jwenn yon òf pou yon plas nan yon pwogram jounen ak ane pwolonje, ou pral bezwen ranpli yon aplikasyon pou swen timoun pou w ka konfime elijiblite pitit ou a.
- **Plas Head Start** yo se pwogram gratis epi yo ofri jiska 10 èdtan edikasyon ak swen pou debitan, pandan tout ane a. Elijiblite pou Head Start baze sou revni ak bezwen fanmi w. Si ou resevwa yon plas nan yon Head Start, pwogram lan ap travay avèk ou pou konfime elijiblite pitit ou a.

Gen plis enfòmasyon sou admisyon pre-K sou [sitwèb](#) nou an, kote ou ka gade lis videyo nou an. Ou ka navige tou (browse) nan pwogram pre-K kounye a nan [anyè MySchools pre-K](#) a. Kreye yon kont epi ajoute pitit ou a pou sovgade pwogram ou pi renmen yo.

N ap kontakte w ankò avan aplikasyon an kòmanse! Annatandan, si w bezwen sipò, ou ka :

- Voye yon imèl ba nou nan ESEnrollment@schools.nyc.gov
- Rele nou nan 718-935-2009.
- Vizite yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#).

Avèk respè,
Ekip admisyon Pre-K DOE a